



Nama Lengkap	:	Mata Pelajaran	:	Bahasa Jawa
Kelas	:			
Hari/ Tanggal	:	Alokasi Waktu	:	60 menit

Gatekno tembang ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakon nomer 1-3 !

1. Samengko ingsun tutur
Sembah catur supaya lumuntur
Dingin raga cipta jiwa rasa kaki
Ing kono lamun tinemu
Tandha ngrahaning manon

a. Maskumambang
b. Mijil
c. Gambuh
d. Sinom

- a. 4 b. 5 c. 6 d. 7

- a. 7u, 10u, 12i, 8u, 8o
b. 12i, 6a, 8i, 8a
c. 12u, 8i, 8u, 8i, 8o
d. 12u, 6a, 8i, 12a

Wis tiba mangsa labuh
Wis wayah padha ulur jagung
Kanggo jangan sadurunge panen pari
Prayoga uga nandur
Mbaying bayem lombok, terong

- a. Megatruh b. Gambuh c. Kinanthi d. Pocung

- a. 7u, 10u, 12i, 8u, 8o
b. 12i, 6a, 8i, 8a
c. 12u, 8i, 8u, 8i, 8o
d. 12u, 6a, 8i, 12a

- a. 3 b. 4 c. 5 d. 6

- a. Buh b. jumbuh c. tambuh d. taruna

8. Watake tembang macapat kasebut yaiku
- Kurang greget
 - Sedhih lan melas asih
 - kentekan pengarep-arep
 - grapyak lan sumanak
9. Tembang macapat iku mujudake tembang jawa kang uga sinebut tembang
- Gedhe
 - tengahan
 - alit
 - madya
10. Pan adigang kidang adigung pen esthi. Adigang tegese ngendel-endelake
- Kekuwatane
 - Kapinterane
 - kaluhurane
 - akeh kancane
11. Watake tembang Gambuh yaiku grapyak, sumanak, mula cocog kanggo nyritakake
- Crita perang
 - Crita kang surasa nawung asmara
 - pitutur luhur
 - crita lucu
12. Joko Seger lan Rara Anteng muja semedi ing pucuke Gunung Lejar. Anggone muja semedi dikantheni rasa temen-temenan supaya kekarone keturunan duwe putra. Sanajan suwene patang puluh dina patang puluh bengi lan akeh panggodane, kakarone tetep mantep muja semedi.
Saka perangan crita kasebut sing dadi lakon utama yaiku....
- Joko Seger
 - Roro Anteng
 - Joko Seger lan Rara Anteng
 - Gunung Lejar
13. Tibane swara vokal ing pungkasane gatra diarani
- guru gatra
 - guru lagu
 - guru sastra
 - guru wilangan
14. Rembugan ana sangarepe wong akeh kanthi ngandarake sawijining gagasan diarani ...
- tanggap wacana
 - atur pambuka
 - micara
 - Nyemak
15. Bapak pucung renteng-renteng kaya kalung, Dawa kaya ula, Pencokanmu wesi miring, Yen lumaku si pucung ngumbar swara. Tembang pocung ing dhuwur batangane
- sepur
 - kalung
 - ula
 - Sabuk
16. Udin iku bocahe isinan, ora kaya kanca-kancane.
Tembung isinan iku tegese ...
- seneng ngisin-ngisini
 - Gampang isin
 - ora isin blas
 - ora duwe isin
17. Saben sore, Siti nyapu latar.
Tembung nyapuni linggane
- Nyapu

- b. Disaponi
- c. Nyaponi
- d. Sapu

Wacan kanggo soal nomer 18

“.... Mbok Randha bungah panggalihe amarga panjaluke kepingin kagungan putra wis kaleksanan. Mbok Randha ngucapake sokur marang Gusti Allah amarga dongane wis dikabulake. Bayi iku mau wadon. Pakulitane resik alus kaya kulit timun. Amarga lair saka timun sing kuning kaya emas, bayi wadon kuwi dijenengake Timun Mas. Sawise Timun Mas ngancik diwasa, Mbok Randha kelingan janjine marang Buta Ijo menawa arep menehake Timun Mas. Mbok Randha dadi susah atine. Rina wengi Mbok Randha donga supaya entuk pitulungan saka Gusti Allah. Salah sawijining wengi, Mbok Randha ngimpi kapethuk wong tapa ing Gunung Gandhul. Wong tapa kuwi mau kang bisa nulungi supaya Timun Mas ora dipangan Buta Ijo
....”

(kapethik saka Marsudi Basa lan Sastra Jawa 1 kaca 40)

18. Amanat utawa piwulang luhur kang bisa kapethik saka teks crita kasebut yaiku
 - a. methuki wong tapa ing Gunung Gandhul
 - b. aja gampang susah yen durung duwe anak
 - c. Buta ijo arep menehi anak marang Mbok Randha
 - d. tansah sokur lan dedonga marang paringane Gusti Allah
19. Ibu nembe ngendhikan kalia Mas Fery sing ana kutha Pasuruan kanthi sarana
 - a. Telepon
 - b. Radio
 - c. Televisi
 - d. Bis
20. Muji syukur ing ngarsaning Allah kalebu perangan ... pidhato.
 - a. Pambuka
 - b. Panutup
 - c. Isi
 - d. dudutan